

JWENN ENFÒMASYON YO.


VAKSEN YO SAN DANJE POU KOUP,
FANM ANSENT AK NOUVO PARAN

PWOTEJE TÈT
OU. PWOTEJE
FANMI W.
AL VAKSINEN.



Pran vaksen an se yon fason pou w rete fò ak an sante pou ou ka kontinye pran swen fanmi w. Lè ou pran vaksen ou pwoteje pitit ou tou, paske li fè genyen mwens chans pou w enfekte moun ou renmen yo.

VAKSEN YO SAN DANJE




AVAN W GENYEN
TIMOUN



PANDAN W ANSENT



APRÈ W FIN FÈ
PITIT




LÈ PITIT OU PI GRAN

VAKSEN YO

- ✓ **SAN DANJE:** Vaksen an te pwouve li san danje pou plizyè milyon moun, ki gen ladan moun ras, etnisite, ak laj diferan. Li gen plis chans pou w genyen komplikasyon grav ak yon enfeksyon COVID-19 ke pou sa rive ak yon vaksen.
- ✓ **EFIKAS:** Vaksen an pwoteje w pou w pa pran COVID-19. Vaksen an pwoteje w tou pou w pa vin malad grav epi mouri si w vin tonbe malad.
- ✓ **GRATIS:** Vaksen yo gratis pou tout moun, kèlkeswa sityasyon imigrasyon w oswa ke w genyen yon pyès Idantifikasyon ou pa oswa.

VAKSEN YO SAN DANJE



AVAN W GENYEN TIMOUN

Vaksen COVID-19 san danje pou gason ak fanm k ap eseye vin ansent oswa ki vle gen yon ti bebe a lavni.

Pa gen okenn prèv vaksen yo fè gason oswa fanm pa kapab fè timoun.



PANDAN W ANSENT

Vaksen COVID-19 yo san danje epi yo rekòmande yo anpil pou fanm ki ansent. Plizyè milye moun ansent te pran vaksen an san danje san pwoblèm pou tèt yo oswa pou bebe yo.

Moun ansent yo gen plis chans vin malad grav si yo trape COVID-19. Genyen yon ogmantasyon risk pou bebe a fèt anvan lè.

Vaksen COVID-19 la se pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont konplikasyon COVID-19 yo.



APRÈ W FIN FÈ PITIT

COVID-19 yo san danje epi yo rekòmande yo anpil pou fanm ki bay tete. Lè moun kap bay swen yo pran vaksen COVID-19 la, yo ede tou pwoteje timoun ki fenk fèt yo a:

- Lèt manman gendwa genyen antikò ki pwoteje bebe yo kont COVID-19.
- Yon moun kap bay swen ki pran vaksen an gen mwens chans enfekte ti bebe yo ki twò jèn pou pran vaksen an.



LÈ PITIT OU PI GRAN

Timoun ak jèn ki gen ase laj pou pran vaksen an pral pi an sekirite lè yo pran vaksen yo.

Vaksen an pwoteje tout moun, ki gen ladan timoun ak jèn, pou yo pa pran COVID-19. Vaksen an tou anpeche timoun ak jèn, pou yo pa vin grav si yo vin malad.

Vaksen an pa pral anpeche pitit ou a gen pwòp pitit yo a lavni. Vaksen COVID-19 la **pa afekte timoun k ap fòme oswa fètilite nan lavni.**

PWOTEJE TÈT OU.
PWOTEJE FANMI W.
AL VAKSINEN.

24 May 2022



Pou plis enfòmasyon: [cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)